



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN TRAVAY NAN OTÈL CHAUTAUQUA
HARBOR HOTEL LA K AP KOUTE 33 MILYON DOLA**

***Pwopriyete Deliks sou Bò Rivaj Dlo yo pral Atire Vizitè ak Revni Vin nan Rejyon
an - W ap jwenn Repezantasyon Grafik yo [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmansman travay nan yon otèl deliks k ap koute 33 milyon sou bò rivaj Lak Chautauqua. Hart Hotels Inc. ak Krog Group la pral travay ansanm pou yo konstwi yon otèl deliks k ap koute 33 milyon dola nan kominote Celoron sou bò rivaj lak la. Pwojè a se youn nan pi gwo pwojè sektè prive a ap soutni, ki se yon devlopman k ap atire touris k ap chita nan Konte Chautauqua.

“Lak Chautauqua se youn nan pi gran atou touristik nan Rejyon Lwès Eta New York la epi lè nou konstwi lojman grand kalite sa yo, nou ap ekspoze zòn inik sou bò rivaj rejyon an yo, pou yo ka atire plis vizitè ak revni ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Investisman n ap fè pou amelyore atou touristik nan Rejyon Lwès New York yo, ki gen ladan National Comedy Center la (Sant Komedi Nasyonal) k ap ouvri ane pwochèn lan nan Jamestown, ap ede eskimile kwasans ekonomik atravè rejyon an.”

David Hart, ki se Prezidan ak PDG Hart Hotels, Inc., te di, “Nou kontan anpil konstriksyon ap kòmansman nan twazyèm Harbor Hotel nou gen nan Eta New York la. Otèl sa a pral akomode demann pou chanm otèl deliks, espas pou reyinyon, ak fonksyon sosyal yo nan rejyon Southern Tier New York la. Li pral vin yon katalizè pou plis kwasans ak plis investisman pou endistri touris la nan Konte Chautauqua. Nou atann pou nou kreye apeprè san djòb atanplen epi devlope baz taks la. Depans adisyonèl kliyan otèl yo ap fè yo pral ede benefisyè Boutik, magazen, ak atraksyon lokal yo. San sipò Eta New York la, pwojè a pa t ap vin yon reyalite”.

“Nouvo Chautauqua Harbor Hotel pral founi lojman premye ran pou vizitè k ap soti toupatou atravè nasyon an yo ak mond lan ki vin nan Rejyon Lwès New York la pou yo jwi de ataksyon inik yo genyen yo tankou Lak Chautauqua yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te patisipe nan evènman kòmansman travay lan jodi a, te di.** “Avèk pwojè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative) k ap kontinye vanse a, ak finisman National Comedy Center la, Jamestown ap nan yon pozisyon pou l vin yon sant prensipal pou endistri touristik rejyonal la.”

Devlopè yo te aplike epi yo te resevwa 1.9 milyon dola sibvansyon Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York la. Anplis de sa, Renouvèlman Kay ak

Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te founi 750,000 dola nan Prim Sibvansyon an Blòk Kominote Devlopman pou Devlopman Ekonomik an (Community Development Block Grant, CDBG) pou pwojè a ede achte mèb, fè amenajman yo, ak ekipman epi kreye 81 djòb, ki gen 68 ladan yo ki pral benefisye travayè ki gen revni fèb ak revni modere yo. Pwojè a pral resevwa avantaj fiskal k ap soti nan Ajans Devlopman Endistriyèl nan Konte Chautauqua (Chautauqua County Industrial Development Agency).

Howard Zemsky, Prezidan, Direktè, ak Komisyone Empire State Development te deklare, “Nouvo Chautauqua Harbor Hotel pral benefisye non sèlman de vwayaj sezonye lè ete yo, men tou de akomodasyon pou manm sosyete ak ebèjman lannwit lasemèn lan yo paske li sitiye tou prè Jamestown, avèk 30,000 rezidan ak kominote biznis li yo. REDC yo te rekonèt pòsyon sa nan Lak Chautauqua te nesèsè depi byen lontan pou otèl nan estil konplèks otelye konsa ki pral devlope ekonomi touris la k ap atire vizitè soti nan eta ki ozalantou yo ak Canada”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York, te deklare, “Lak Chautauqua se yon pyè presye epi avèk bèl otèl sa yo vin ajoute la k ap òne bò rivaj dlo a, li pral menm pi atiran ankò pou vizitè yo, epi ede estimile sektè touris la nan rejyon an. Pwogram CDBG a esansyèl pou fè amelyorasyon grand anvègi pou kominote yo, k ap kreye djòb, epi ede bay pwojè tankou sila sa a lavi. Prim sibvansyon 750,000 dola atravè HCR la pral kreye 81 djòb epi l ap bay otèl la sipò li bezwen pou l reyisi”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York (Western New York Regional Economic Development Council) e Prezidan SolEpoxy Inc., Jeff Belt, te deklare, “Bèl Chautauqua Harbor Hotel la pral yon flanbo k ap atire plus touris nan rejyon an. Lè nou kreye yon konplèks otèl deliks, sa pral atire vizitè k ap chache chanm deliks yo, aktivite sou bò rivaj dlo yo ak eksperyans kilinè memorab. Pandan n ap estimile sektè touris la epi fè vanse plis devlopman, pwojè a ap kreye djòb nan sektè konstriksyon an ak pozisyon pèmanan ki pral ede ranfòse ekonomi”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan University New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “Konstriksyon nan Chautauqua Harbor Hotel la se yon gran pa an avan pou endistri touris la nan Rejyon Chautauqua. Avèk konplèks otèl deliks sa a, ap gen nouvo djòb ak nouvo revni k ap vini nan zòn lan. Nou ap atann pou nou wè otèl la atire plis touris nan rejyon an, sa k ap plis fè vanse redrèsman ekonomik lan”.

Chautauqua Harbor Hotel la pral twazyèm otèl Krog ak Hart ki pi laj nan Eta New York la. An 2008, Otèl Watkins Glen Harbor Hotel la ki te koute 14 milyon dola te ouvri pòt li. USA Today te resaman vote pwopriyete Watkins Glen lan kòm meyè otèl bò rivaj nan peyi a. An 2014, Krog Group and Hart Hotels la yo te ouvri Otèl Thousand Islands Harbor Hotel la nan Clayton, New York, sou bò Rivyè St. Lawrence lan, li gen 105 chanm akouche deliks swit pou kliyan otèl yo.

Chautauqua Harbor Hotel la pral gen 135 chanm deliks pou kliyan yo, yon sal dans ak sal konferans ki bay sou lak la - ki gen kapasite pou kenbe 300 pèsòn, bar ki bò lak la

konekte ak yon tonèl, yon pisin anndan ak pisin deyò a, plizyè glari ki bay sou lak la, ak yon restoran ki gen sèvis konplè, pami lòt amenajman ankò.

Otèl la pral ouvè an 2018 pandan National Comedy Museum (Mize Komedi Nasyonal) la, ki se yon lòt pwojè Eta New York la ap sipòte ankò, ap ouvri pòt li nan sant vil Jamestown an menm tan.

Otèl la pral sitiye sou yon pasèl tè ki mezire two pwen sis ekta yon ti jan olaj Dunham Avenue, pwopriyete a te yon fwa Pak Lwazi Celoron lan, ki te fèmen an 1962 a. Konsepsyon otèl la pral rann omaj a istwa Celoron, ki gen ladan pak lwazi ak Lucille Ball, ki se yon aktris ki te fèt nan kominote a.

Senatè Catharine Young te deklare, “Lak Chautauqua se yon pyè presye nan konte nou an. Chautauqua Harbor Hotel la mete devlopman ekonomik lan nan yon lòt nivo lè yo pote toude vizitè ak nouvo djòb yo bay rezidan nan rejyon an yo”.

Andy Goodell, ki se Manm Asanble, te deklare, “Chautauqua Harbor Hotel la se yon lokalite ideyal pou yo pwofite de bèl panorama lak la yo. Pwojè sa a pral pote anpil milye vizitè ak djòb yo byen bezwen nan rejyon an yo”.

Vince Horrigan, ki se Chèf Egzekitif Konte Chautauqua, te deklare, “Sektè touris ak ospitalite se sektè k ap devlope pi rapid nan ekonomi Konte Chautauqua. Nouvo otèl sa a pral pote lojman ki gen kalib mondyal ki bay sou bèl lak Chautauqua k ap atire vizitè k ap soti prè tankou sila yo k ap soti lwen. Nou atann pou nou akeyi kliyan yo ane apre ane”.

Majistra Celoron an, Scott Schrecengost te di, “Harbor Hotel la se yon dezyèm souf pou vilaj la. Nou t ap tann depi 50 an pou yon devlopè ki gen panse inovatè pou pwofite de pwopriyete sou bò rivaj dlo a yo. Rezidan yo pa ka tann pou grand ouvèti ak djòb li pral pote nan rejyon an yo”.

###